
# 7 लीनाक परिवार

QRickit
0124CH07

## लीनाक परिवारक परस्पर मिलन


लीना अपन परिवारक संग एकटा गाँवमे रहैत अछि ।ओ अपन बाबा-बाबी, माए-बाबू आ एकटा भाइ शानबोर संग रहैत अछि।ओकर कक्का-काकी आ पितिऔत भाइ-बहिन ओकर घरक ल’ग रहैत छै।



© NCERT not to be republished

लीना स्टूल पर ठाढ़ छै।ओकरा लंबा होयब पसिन छै।ओकर परिवारक सभसँ लंबा लोक के छै,चित्रमे देखि कए ओहि पर गोला लगाउ।

**लीनाक परिवार परस्पर भेंट-घांट लेल सभ पारिवारिक सदस्यकैं निमंत्रित कएलक।**



## आउ गप करै छी

क. लीनाक परिवारमे कतेक लोक छै?

ख. ओकर परिवारक सभसँ लंबा लोक पर सहीक निशान (✓) लगाउ।

ग. सभसँ भुट्ट लोकक माथ पर एकटा टोपी बनाउ।

घ. लीनाक मायसँ लम्बा आ ओकर बाबूसँ छोट के अछि?

ङ. अहाँक परिवारक सभसँ लम्बा आ सभसँ छोट सदस्य के अछि?

च. अहाँक कक्षामे सभसँ लम्बा बच्चा के अछि?

छ. अहाँक कक्षामे अहाँसँ लम्बा कतेक बच्चा अछि?




लीना पहाड़ी इलाकामे एकटा झोपड़ीनुमा मकानमे रहैत अछि।की अहाँ चित्रमे ओकर मकान चीन्हि सकै छी?सही विकल्प पर गोला लगाउ।


क. ओकर मकान दोकानसँ **लगीच/दूर** छै आ स्कूलसँ **लगीच/दूर** छै।

ख. ओकर स्कूल दोकानसँ **लगीच/दूर** छै आ लाल छत बला मकानसँ **लगीच/दूर** छै।

ग. बच्चा स्कूलबससँ **लगीच/दूर** छै आ स्कूलसँ **लगीच/दूर** छै।

### आश्चर्यजनक तथ्य

ई सरदार वल्लभ भाई पटेलक मूर्ति अछि।एकरा एकता के मूर्ति सेहो कहल जाइत छैक।ई विश्वक सभसँ लंबा मूर्ति अछि जे गुजरात, भारतमे अवस्थित छै।



© NCERT not to be republished




## आउ करै छी

क. सभसँ लम्बा पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.




ii.



ख. सभसँ छोट पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.



ii.




ग. सभसँ मोट पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.



ii.




घ. सभसँ पातर पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.



ii.



© NCERT not to be republished

## सोचू आ करू

एकटा छड़ी वा बांसक चित्र बनाउ जे एहिसँ पैघ हो। ——


एकटा डोरीक चित्र बनाउ जे एहिसँ छोट हो। ——



बाबी चित्राक स्वेटर बित्तासँ नपैत छथि।




चित्रा सेहो अपन बित्तासँ लाठी,टेबुल, पेंसिल, नोटबुक आदि नापए चाहैत अछि।



© NCERT not to be republished



## सोचू आ जवाब दियौ

क. हमर टेबुल __________ लंबा अछि।

ख. हमर झोरा __________ लंबा अछि।

ग. हमर कक्षाक ब्लैकबोर्ड __________ लंबा अछि।

घ. हमर गणितक किताब __________ लंबा अछि।

ङ. हमर बांहि __________ लंबा अछि।

च. हमर दोस्तक हाथ __________ लंबा अछि।






की चित्रा एहि सभ चीजक लंबाई ज्ञात करबा लेल बित्ताक उपयोग कए सकैत अछि ? पता लगाउ जे अहाँक ल'ग-पासमे कोन एहन चीज अछि जे एको हाथसँ छोट अछि ? ओकरा गोला लगाउ। की हम सभ एहि सभ चीजक लंबाई ज्ञात करबा लेल आंगुरक उपयोग कए सकैत छी?



© NCERT not to be republished

## आउ हम करैत छी

एहि सभ वस्तुक लंबाई ज्ञात करबा लेल अहाँ की चुनब, बित्ता वा आंगुर ? से कियैक? तालिकामे अपन विकल्प सभ पर पर गोला लगाउ। एहि सभ वस्तुक लंबाई ज्ञात करबासँ पहिने अनुमान लगयबाक प्रयास करू।

| चीज़क नाम | अहाँ की उपयोग करब? गोला लगाउ | हमर अनुमान | हमर निष्कर्ष |
|---|---|---|---|
| **बोतल**  |  बित्ता वा आंगुर | | |
| चम्मच  |  बित्ता वा आंगुर | | |
| पेंसिल  |  बित्ता वा आंगुर | | |
| हमर दोस्तक नाक  |  बित्ता वा आंगुर | | |
| पाएर  |  बित्ता वा आंगुर | | |
| चाभी  |  बित्ता वा आंगुर | | |

© NCERT not to be republished

| डेग (पादविस्तार) द्वारा नापब | डेग (पादविस्तार) हमर अनुमान | डेग (पादविस्तार) हमर निष्कर्ष |
|---|---|---|
| हमर सीट आ कक्षाक दरवज्जाक बीचक दूरी | | |
| कक्षाक एक दिसि | | |
| हमर बिछाओन आ शौचालयक बीचक दूरी | | |
| अहाँक कोठरीक दू दीवारक बीचक दूरी | | |






## आउ हम करैत छी


क. दुनूमे भारी वस्तु पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.





ii.





ख. दुनूमे हल्लुक वस्तु पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.







ii.






© NCERT not to be republished

ग. दुनूमे भारी वस्तुमे रंग भरू।


i.




ii.



iii.




iv.



घ. दुनूमे हल्लुक वस्तुमे रंग भरू।

i.




ii.



iii.



iv.





## चलू हम ग'प करैत छी

क. अहाँ आ अहाँक मित्रक बीच के भारी अछि? अहाँ कोना पता लगायब? कक्षामे चर्चा करू।

ख. अहाँ अपन वजन पता करू।की अहाँ बता सकैत छी जे प्राय: अहाँक वजन कोना आ कतय नापल जाइत अछि?

© NCERT not to be republished



## आउ हम करैत छी

### क. पानिसँ बाल्टीकैं भरू



i. ________ जग पानिसँ बाल्टी भरि जेतै।

ii. ________ ग्लास पानिसँ बाल्टी भरि जेतै।

iii. ________ बाटी पानिसँ बाल्टी भरि जेतै।

### ख. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर दियौ


i. कतेक कप पानिसँ अहाँक पानिक बोतल भरैत अछि? ________

ii. ओही कपसँ अपन मित्रक पानिक बोतल भरू। कतेक कप पानिसँ अहाँक दोस्तक पानिक बोतल भरैत अछि? ________

iii. कोन बोतलमे बेशी पानि अछि? ________

iv. दोसर बोतलसँ यैह कोशिश करू।कोन बोतलमे कम पानि अंटैत अछि।

### ग. जाहिमे बेशी पानि अंटैत हो,तकरामे गोला लगाउ।











© NCERT not to be republished


## घ. हमरा सभ लेल पानि बहुत उपयोगी अछि।

निम्नलिखित गतिविधि लेल अहाँकेँ कतेक पानि चाही,ओहि पर सहीक निशान ✓ लगाउ।

i.



दन्तमंजन लेल



एक बाल्टी पानि



एक मग पानि


ii.



**नहाइ लेल**



एक बाल्टी पानि



एक टैंक पानि


iii.



iii. दू ग्लास नेबोक शर्बत बनयबा लेल



एक मग पानि



एक बाल्टी पानि


iv.



एकटा गाछक सिंचाइ लेल



एक मग पानि



परियोजना कार्य

© NCERT not to be republished



## Project Work

क. चर्चा करू कि स्नान लेल झरना(शॉवर) वा नलक पानिक स्थान पर बाल्टीमे पानि लेब कियै महत्वपूर्ण अछि?

ख. रंगीन कागजक पट्टीकैं फाड़ू आ चिपकाउ जाहिसँ पट्टीक एक भाग छोट आ दोसर लंबा भए जाए। सभ पट्टी अलग-अलग आकारक होयबाक चाही।

| **छोट**<br>ई सभ छोट अछि | **लम्बा**<br>ई सभ लम्बा अछि |
| --- | --- |
| | |

ग. ओहि सभ चीज़क सूची बनाउ जकरा आनब-ल' जायब आसान हो आ जकरा आनब-ल' जायब कठिन हो।

| **ल' जयबामे आसान** | **ल' जयबामे कठिन** |
| --- | --- |
| | |
| | |
| | |

घ. विभिन्न आकारक बोतल,बाटी आ गिलास लिय'। आब देखू कि बोतलमे कतेक गिलास वा कटोरी पानि भरि सकैत छै? एहि सभमेसँ कोन चीजमे बेशी पानि अंटैत छै?

बच्चासभसँ पूछू कि ओ एक दिनमे कतेक गिलास पानि पिबैत छथि?ल'ग-पासमे बर्बाद भए रहल पानिक बारेमे चर्चा करू आ हुनका जागरूक करू। जँ गिलासमे पानि रहि जाय त' ओ की करताह?की पानि फेकि देबाक चाही वा गाछमे देबाक चाही? पानि बचैबाक अन्य तरीका पर सेहो चर्चा करू ,जेना उपयोगमे नहि भेला पर नल बन्न करब, पानिक पुन: उपयोग करब आदि।



© NCERT not to be republished